


# ULÍWMA BILIMLENDIRIW MEKTEPLERINDE QOSPA KLASLARDÍ OQÍTÍWDÍŃ ABZALLÍQLARÍ HÁM KEMSHILIKLERI

**Sarsenbaeva Sapura Jaqsılıq qızı**
Shomanay rayonı Mektepke shekemgi hám mektep tálimi bólimine qaraslı 33-sanlı ayırım pánler tereń oqıtılatuǵın klasları bar ulıwma orta bilim beriw mektebniń baslawısh klass oqıtıwshısı

https://doi.org/10.5281/zenodo.19440914

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 01-aprel 2026 yil
Ma'qullandi: 04-aprel 2026 yil
Nashr qilindi: 06-aprel 2026 yil

**KEYWORDS**
*qospa klass, kishi komplektli mektep, bilimlendiriw procesi, pedagogikalıq metodlar, individual bilimlendiriw, differencial qatnas.*

**ABSTRACT**
*Bul maqalada ulıwma bilim beriw mekteplerinde qospa klaslardı shólkemlestiriw hám oqıtıw procesiniń ózine tán ózgeshelikleri tallanadı. Qospa klaslarda bilimlendiriwdi shólkemlestiriwdiń pedagogikalıq, metodikalıq hám shólkemlestiriwshilik tárepleri úyrenilip, oniń abzallıqları hám kemshilikleri ilimiy tiykarda kórsetiledi. Sonday-aq, qospa klalarda bilimlendiriw nátiyjeliligin arttırıwǵa qaratılǵan usınıslar beriledi.*

Házirgi kúnde ulıwma bilimlendiriw sistemasında ayırım aymaqlarda oqıwshılardıń sanınıń azlıǵı sebepli qospa klaslar shólkemlestiriledi. Qospa klass - bul bir neshe túrli klass oqıwshılarınıń bir klass bólmesinde bir oqıtıwshı tárepinen oqıtılıw procesi. Bunday sistema kóbinese kishi komplektli mekteplerde ushirasadı.

**Izertlew metodologyası.** Izertlew ulıwma bilim beriw mekteplerinde qospa klaslardı oqıtıw procesiniń nátiyjeliligin anıqlaw, oniń abzallıqları hám kemshiliklerin talqılawǵa qaratılǵan. Izertlew procesinde pedagogika páninde qollanılatuǵın teoriyalıq hám empirikalıq metodlardan paydalanıldı.

Izertlewdiń teoriyalıq metodları sıpatında ilimiy-pedagogikalıq ádebiyatlardı úyreniw, analizlew, salıstırıw hám de uliwmalastırıw usıllarınan paydalanıldı. Usı metodlar járdeminde qospa klasslardı shólkemlestiriw, olardıń oqıtıw procesindegi ornı hám pedagogikalıq ózgeshelikleri boyınsha bar ilimiy dárekler tallandı.

Empirikalıq metodlar sıpatında baqlaw, sáwbetlesiw hám sorawnama metodlarınan paydalanıldı. Baqlaw metodi arqalı qospa klasslarda sabaq procesiniń shólkemlestiriliwi, muǵallim hám oqıwshılar arasındaǵı óz ara qatnasıqlar hám de bilim beriw procesiniń nátiyjeliligi úyrenildi. Sáwbetlesiw hám sorawnama metodları arqalı oqıtıwshılardıń qospa klasslarda islew tájiriybesi, ushırasıp atırǵan mashqalalar hám olardıń sheshimleri haqqındaǵı pikirleri anıqlastırıldı.

Sonday-aq, izertlew dawamında alınǵan maǵlıwmatlardı tallaw hám ulıwmalastırıwda salıstırıw hám logikalıq tallaw usıllarınan paydalanıldı. Bul metodlar arqalı qospa klasslardı oqıtıw procesiniń abzallıqları hám kemshilikleri anıqlanıp, olardı jetilistiriw boyınsha ilimiy juwmaqlar islep shıǵıldı.

**Temaǵa baylanıslı ádebiyatlarǵa sholıw.**

**Talqılaw hám nátiyjeler.** Qospa klaslar bilimlendiriw sistemasınıń ózine tán forması bolıp, ol pedagogtan joqarı dárejedegi metodikalıq sheberlik, sabaqtı durıs rejelestiriw hám differenciallasqan qatnastı talap etedi. Sonıń menen birge, bul sistemanıń unamlı hám unamsız tárepleri bar.

Qospa klaslarda bilim beriwdi shólkemlestiriw ózgeshelikleri.

Qospa klaslarda sabaq procesi ádettegi klaslarǵa qaraǵanda quramalıraq shólkemlestiriledi. Oqıtıwshı bir waqıttıń ózinde eki yamasa onnan artıq klass oqıwshıları menen isleydi. Sol sebepli sabaqlardı tómendegi principler tiykarında shólkemlestiriw áhmiyetli esaplanadı:

sabaqtı anıq rejelestiriw;

oqıwshılardıń óz betinshe jumısın shólkemlestiriw;

differencial hám individual qatnastı qollanıw;

waqıttı nátiyjeli bólistiriw;

oqıw materialların beyimlestiriw.

Bul proceste muǵallim ayırım toparlar menen tikkeley islese, basqa toparlar óz betinshe tapsırmalardı orınlaydı.

Qospa klasslardı oqıtıwdıń abzallıqları

Qospa klasslardı shólkemlestiriw bir qatar unamlı tареplerge iye.

Birinshiden, bul usıl bilimlendiriw resurslarınan nátiyjeli paydalanıw imkaniyatın beredi. Oqıwshılar sanı az bolǵan mekteplerde óz aldına klasslar shólkemlestiriw ornına olardı birlestiriw arqalı muǵallim hám materiallıq resurslardan nátiyjeli paydalanıladı.

Ekinshiden, qospa klasslarda oqıwshılardıń óz ara birge islesiwi kúsheyedi. Úlken klass oqıwshıları kishi klass oqıwshılarına járdem beriw arqalı bilimlerin bekkemleydi.

Úshinshiden, oqıwshılarda óz betinshe islew kónlikpesi qáliplesedi. Mugallim bir klass penen islep atırgan waqitta basqa klass oqiwshıları óz betinshe tapsırmalardı orınlawga úyrenedi.

Tórtinshiden, bunday klasslarda sociallıq ortalıq unamlı qáliplesedi. Hár qıylı jastaǵı oqıwshılar óz-ara sóylesiw, birgelikte islew hám bir-birin húrmet etiwdi úyrenedi.

Qospa klasslardı oqıtıwdıń kemshilikleri

Sonıń menen birge, qospa klasslardı oqıtıw procesinde ayırım qıyınshılıqlar da bar.

Bárinen burın, muǵallimge túsetuǵın pedagogikalıq júkleme artadı. Bir waqıttıń ózinde eki yamasa onnan artıq klass baǵdarlaması menen islew muǵallimnen úlken tájiriybe hám sheberlikti talap etedi.

Ekinshiden, sabaq waqtın durıs bólistiriw mashqalası júzege keledi. Oqıtıwshı sabaq dawamında waqıttı bir neshe klass ortasında bólistiriwi kerek boladı.

Úshinshiden, shawqım hám shalǵıw itimalı joqarı boladı. Bir klass penen túsindiriw jumısları alıp barılıp atırǵanda basqa klass oqıwshıları shalǵıwı múmkin.

Tórtinshiden, oqıw baǵdarlamaların úylestiriw qıyın process esaplanadı. Hár bir klass ushın sáykes sabaq rejelerin dúziw muǵallimnen ayrıqsha tayarlıq talap etedi.

Ámeliy usınıslar. Qospa klasslarda bilimlendiriw procesin nátiyjeli shólkemlestiriw ushın tómendegi ámeliy usınıslardı qollanıw maqsetke muwapıq.

Birinshiden, qospa klasslarda sabaq procesin rejelestiriwde hárbir klass oqıwshılarınıń jas ózgeshelikleri hám bilim dárejesi esapqa alınıwı zárúr.

Oqıtıwshı sabaq procesin sonday etip shólkemlestiriwi kerek, bir klass óz betinshe tapsırma menen shuǵıllanıp atırǵan waqıtta basqa klass penen tikkeley islesiw imkaniyatı jaratıladı.

Ekinshiden, qospa klasslarda nátiyjeli bilim beriwdi támiyinlew ushin hár túrli interaktiv metodlardan, didaktikalıq oyınlardan hám toparlarda islew usıllarınan paydalanıw usınıs etiledi. Bul usıllar oqıwshılardıń belsendiligin arttırıp, olardıń erkin pikirlew kónlikpelerin rawajlandıradı.

Úshinshiden, oqıtıwshılar ushın qospa klasslarda sabaq ótiw metodikası boyınsha arnawlı seminar hám qánigeligin arttırıw kursların shólkemlestiriw úlken áhmiyetke iye. Bul arqalı oqıtıwshılar óz tájiriybelerin almasıwı hám jańa pedagogikalıq texnologiyalardı úyreniwi múmkin.

Tórtinshiden, qospa klasslarda oqıw procesin nátiyjeli shólkemlestiriw ushın sáykes oqıw-metodikalıq qollanbalar hám didaktikalıq materiallar menen támiyinlew zárúr. Bul materiallar muǵallimge bir waqıttıń ózinde bir neshe klass penen islewdi ańsatlastıradı.

Besinshiden, qospa klasslarda oqıwshılardıń óz betinshe islew kónlikpelerin qáliplestiriwge ayrıqsha itibar qaratıw lazım. Óz betinshe tapsırmalar, dóretiwshilik shınıǵıwlar hám joybarlaw jumısları arqalı oqıwshılardıń óz ústinde islew qábileti rawajlandırıladı. Qospa klasslarda bilimlendiriw procesin durıs shólkemlestiriw, zamanagóy pedagogikalıq metodlardan paydalanıw hám de oqıtıwshılardıń metodikalıq tayarlıǵın arttırıw arqalı bilimlendiriw nátiyjeliligin sezilerli dárejede jaqsılaw múmkin.

**Juwmaq hám usınıslar.** Ulıwma bilim beriw mekteplerinde qospa klaslardı shólkemlestiriw, ásirese, az sanlı oqıwshılarǵa iye bolǵan aymaqlarda bilimlendiriw procesiniń úzliksizligin támiyinlewde úlken áhmiyetke iye. Birgeliktegi klaslarda oqıtıw arqalı resurslardan nátiyjeli paydalanıw, muǵallimniń júklemesin optimallastırıw hám hár qıylı jastaǵı oqıwshılar arasında óz-ara birge islesiwdi rawajlandırıw imkaniyatı júzege keledi.

Sonıń menen birge, bunday klaslarda sabaqtı shólkemlestiriw qıyın bolıp, muǵallimnen joqarı dárejedegi metodikalıq sheberlik, rejelestiriw hám differencial qatnas jasawdı talap etedi. Oqıwshılardıń bilim dárejesi hám jas ózgesheliklerindegi ayırmashılıqlar bilimlendiriw sapasına unamsız tásir kórsetiwi múmkin. Sonday-aq, sabaq waqtın durıs bólistiriw hám barlıq oqıwshılarǵa jeterli itibar qaratıw mashqalaları da baqlanadı. Ulıwma alǵanda, qospa klaslarda oqıtıw sisteması belgili sharayatlarda nátiyjeli bolıwı múmkin, biraq ol puqta shólkemlestirilgen metodikalıq támiynat hám oqıtıwshınıń kásiplik tayarlıǵın talap etedi.

**Usınıslar:**

1.Qospa klaslarda sabaq berip atırǵan muǵallimler ushın arnawlı metodikalıq qollanbalar hám ámeliy usınıslar islep shıǵıw zárúr.

2.Oqıtıwshılardıń qánigeligin arttırıw kurslarında qospa klaslarda islew metodikasına ayrıqsha itibar qaratıw zárúr.

3.Sabaq procesinde differencial hám individual qatnastı keń qollanıw ushın zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı engiziw usınıs etiledi.

4.Qospa klaslar ushın beyimlestirilgen oqıw baǵdarlamaları hám sabaqlıqlar jaratıw úlken áhmiyetke iye.

5.Bilimlendiriw procesinde informaciya-kommunikaciya texnologiyalarınan paydalanıwdı keńeytiw arqalı oqıwshılardıń óz betinshe islew kónlikpelerin rawajlandırıw zárúr.

6.Qospa klaslarda oqıwshılar sanın optimal dárejede saqlaw hám klass quramın durıs qáliplestiriw usınıs etiledi.

7.Bilimlendiriwdiń sapasın qadaǵalaw hám monitoring sistemasın kúsheytiw arqalı bar mashqalalardı óz waqtında anıqlaw hám saplastırıw zárúr.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Azizxo‘jayeva N. Pedagogik mahorat. Toshkent, 2016.
2. Ishmuhamedov R. Ta’limda innovatsion texnologiyalar. Toshkent, 2018.
3.Raxmonov A. Boshlang‘ich sinflarda ta’lim jarayonini tashkil etish metodikasi. Toshkent: O‘qituvchi nashriyoti, 2019.
4. To‘raqulov X. Pedagogika nazariyasi va tarixi. Toshkent, 2017.
5.Yo‘ldoshev J., Usmonov S. Pedagogik texnologiyalar asoslari. Toshkent, 2020.7